

## DÉZIÈM CHAPIT

# Mouin kouè nan Jézu-Kri, sèl Pitit Bondié-a

### ATIK 3

#### *Jézu-Kri, « sé pa pouvoua Éspri-Sin-an kò li vîn fèt nan vant Mari ki Vièj »*

#### **PARAGRAF 3. Mistè lavi Kris-la**

512 Parapò a lavi Kris-la, Sinbòl lafoua-a palé sèlman osijè mistè Inkarnation-an (konsépsion épi nésans) épi Pak-la (soufrans, krisifiksion, lanmò, antèman, désant nan lanfè-yo, réziréksion épi asansion). Li pa di anyin eksplisitman osijè mistè lavi kaché épi piblik Jézu-a ; min atik lafoua-a ki rapoté Inkarnasjon Jézu ak Pak-la, yo kléré *tout lavi Kris-la sou tè-a*. « Tou sa Jézu té kòmansé fè ak sa-l té aprann, tous nan jou, lè-l té [...] monté » (Ac 1, 1-2) *sé anba limiè mistè Nésans-la épi Pak-la pou yo konsidéré yo.*

1163 513 Katéchèz-la, dapré sikontans-yo, ap déplouayé tout richès mistè Jézu yo. Isit-la sa sifi pou indiké kèk éléman ki komin pou tout mistè lavi Kris-la (I), pou déaigné apré sa prinsipal mistè lavi kaché-a (II) épi piblik (III) Jézu-a.

#### **I. Tout lavi Kris-la sé mistè**

514 Anpil bagay ki intérésé kiriozité moun parapò a Jézu, yo pa nan Évanjil-yo. Osijè lavi-l nan Nazarèt yo prèske pa di anyin, épitou yon gran pati nan lavi piblik li-a yo pa rakonté-l (cf. Jn 20, 30). Sa-k té ekri nan Évanjil-yo, yo rakonté-l « pou nou kouè Jézu sé Kris Pitit Bondié, épi pou antan nou kouè-a, nou gin lavi o non-l » (Jn 20, 31).

515 126 Sé moun-yo ki té pamí prémié sa-k té gin lafoua-a ki té ekri Évanjil-yo (cf. Mc 1, 1 ; Jn 21, 24) épi ki té vlé fè lòt-yo patisipé ladan-l. Kòm yo té konnin nan lafoua kilès Jézu yé, yo té kapab ouè épi fè ouè tras mistè li-a nan tout lavi-l sou tè-a. Dépi nan toual ki vlopé-l nan Nésans li-a (cf. Lc 2, 7) tous nan vinèg Soufrans-la (cf. Mt 27, 48) épi dra Réziréksion-l nan (cf.

Jn 20, 7), tout bagay nan lavi Jézu sé sign mistè li-a. Palintèmèdiè aksion-1 yo, palintèmèdiè mirak li-yo, palintèmèdiè paròl li-yo, yo révélé « nan li-minm » tout plénitud « sa Bondié-a » abité nan li « dapré kò-a » (Col 2, 9). Konsa, sa-l yé kòm moun parèt tankou « sakréman », sètadi, sign épi instriman divinité-1 épi salu li-minm li ofri-a : sa yo té kapab ouè nan lavi-1 sou tè-a, t-ap kondui nan mistè invizib sa-l yé kòm Pitit Bondié-a épi nan mision rédanmsion-1 nan.

### Lign ki komin pou mistè Jézu-yo

Tout lavi Jézu sé *Révelasion* Papa-a : paròl li-yo épi aksion-1 yo, silans-yo ak soufrans-yo, fason-1 yé épi fason-1 palé. Jézu kapab di : « Moun ki ouè-m, li ouè Papa-a tou » (Jn 14, 9) ; épi Papa-a : « Sa-a sé Pitit mouin-an, sa-m rinmin-an : kouté-1 » (Lc 9, 35). Lè Granmèt nou-an té tounin moun pou-1 fè volonté Papa-a (cf. He 10, 5-7), minm lign ki pi piti nan mistè-1 yo manifésté charité Bondié-a pou nou (1 Jn 4, 9).

Tout lavi Kris-la sé yon mistè *Rédanmsion*. Rédanmsion-an vîn jouinn nou an prémié palintèmèdiè san ki koulé sou koua-a (cf. Ep 1, 7 ; Col 1, 13-14 ; 1 P 1, 18-19), min mistè sa-a travay nan tout lavi Kris-la : déjà nan Inkarnasjon-1 nan, koté antan-1 désidé vîn pòv, li anrichi nou ak kondision pòv li-a (cf. 2 Co 8, 9) ; nan lavi kaché-1 la koté antan-1 soumèt (cf. Lc 2, 51), li réparé dézobéyisans nou-an ; nan paròl li-a ki purifié (pròpté) sa-k tandé-1 yo (cf. Jn 15, 3) ; nan gérisson-1 yo ak égzòsm li-yo koté « li-minm minm li té pran féblès nou-yo, li té poté maladi nou-yo » (Mt 8, 17 ; cf. Is 53, 4) ; nan Réziréksion-1 nan, koté li jistifié nou (cf. Rm 4, 25).

Tout lavi Kris-la sé yon mistè *Rékonsidéré tout bagay apati tèt-la*. Kèlkésoua sa Jézu té fè, té di épi té soufri, té gin kòm finalité pou rétabli moun-nan ki tonbé-a nan prémié vokasion-1 nan :

« Lè li té inkarné épi li tounin moun, li réprann dépi nan tèt nan li-minm longè ékspozé istoua moun-yo, antan-1 ba nou sové li sové nou-an an rezimé, pou sa nou té pèdi nan Adan-an, sètadi égzisté dapré pòtré ak résanblans Bondié-a, nou vîn résévoua-1 nan Kris Jézu » (S. Irénée, hér. 3, 18, 1).  
 « Dayè sé pousa li pasé nan tout laj lavi-a, antan-1 rétounin bay yo tout sa-k pou minnin al nan kominion ak Bondié-a » (ibid. 3, 18, 7 ; cf. 2, 22, 4).

### Kominion-nou avèk mistè Jézu-yo

Tout richès Kris-la sé tout moun yo bay-yo épi yo fè byin pou tout moun (RH 11). Kris-la pa-t minnin lavi-1 pou pròp tèt pa-l, min *pou nou*, dépi Inkarnasjon-an « poutèt tout moun, pou-1 vîn sové nou » (DS 150) jous nan lanmò li-a « pou péché nou-yo » (1 Co 15, 3) épi Réziréksion li-an « pou nou vîn kòrèk-la », « pou jistifikasyon nou-an » (Rm 4, 25). Jous koulié-a sé li-minm ki avoka-nou « bò kot Papa-a » (1 Jn 2, 1), « antan-1 vivan tout tan pou-1 priyé pou nou » (He 7, 25). Ak tout sa-l té viv épi li té soufri nan lavi-a poutèt nou yon sèl foua pou tout tan, li rété prezan pou tout tan « dévan fas Bondié pou nou » (He 9, 24).

520 Nan tout lavi-l, Jézu prezanté-l kòm *modèl-nou* (cf. Rm 15, 5 ; Ph 2,  
459, 359 5) : sé li ki « moun ki apouin nèt-la » (homme parfait) (GS 38) k-ap invité  
2607 nou pou nou vîn tounin disip-li épi pou nou suiv li : ak rabèsman-l nan, li  
ba nou yon égzanp pou nou imité (cf. Jn 13, 15), ak priyè-l la, li ralé nou  
nan priyè-a (cf. Lc 11, 1), ak kondision pòv li-a, li rélé nou pou nou  
résévoua libréman mank mouayin-an ak pèsékision-yo (cf. Mt 5, 11-12).

521 Tout sa Kris-la té viv li fè-l pou *nou kapab minnin lavi-nou nan li* épi  
2715 pou-l *kapab minnin lavi-l nan nou*. « Ptit Bondié-a, palintèmèdiè  
1391 Inkarnasion-l nan, té vîn fè youn nan yon fason ak tout moun » (GS 22, §  
2). Yo rélé nou pou nou fè youn avè-l ; kòm manb nan kò li-a, li fè yon  
fason pou nou kominié nan sa-l té viv nan chè li-a pou nou épi kòm  
modèl-nou :

« Nou doué kontinué épi akonpli nan nou kondision ak mistè Jézu-yo épitou  
nou doué priyé-l souvan [...] pou-l fîn réalisé-l épi akonpli-l nan nou ak nan  
tout l'Égliz li-a. [...] Paské Ptit Bondié-a gin nan nanm-li pou-l kominké  
épi élaji nan yon sètin fason épi kontinué mistè-l yo nan nou ak nan tout  
l'Égliz li-a, [...] soua nan lagras-yo li établi pou-l ba nou-yo, soua nan rézulta  
li vlé réalisé nan nou palintèmèdiè minm mistè sa-yo. Sé nan fason sa-a li  
vlé réalisé yo nan nou » (S. Jean Eudes, *Le royaume de Jésus*, 3, 4 : *Oeuvres  
complètes*, v. 1 [Vannes 1905] p. 310-311).

## II. Mistè anfans ak lavi kaché Jézu-a

### Préparasion-yo

522 Avènman Ptit Bondié-a sou tè-a sé yon événman ki tèlman gran  
711, 762 dépasé mézi, Bondié té vlé préparé-l pandan sièk tan. Rit ak sakrifis, figi  
ak sinbòl « Prémié Téstaman-an » (cf. He 9, 15), li fè yo tout vîn réyini  
ansanm nan Kris-la : li anonsé-l nan bouch Profèt-yo ki té vîn youn apré  
lòt nan Israël. Dayè li révéyé nan kè moun nasion-yo yon atant voualé  
Avènman li-an.

523 *Sin Jan Batis* sé sa k-ap kouri imédiatman dévan (précurseur)  
712, 720 Granmèt-la (cf. Ac 13, 24) yo voyé-l pou-l préparé rout-la (cf. Mt 3, 3). Li  
minm, « profèt Sa-a ki anro nèt-la » (Lc 1, 76), li dépasé tout Profèt-yo  
(cf. Lc 7, 26), sé li ki dènié-a nan yo (cf. Mt 11,13), li inogiré Évanjil-la  
(cf. Ac 1, 22 ; Lc 16, 16) ; li salué Avènman Kris-la dépi nan vant  
manman-l (cf. Lc 1, 41) épi li gin kontantman poutèt li sé « zanmi mésié  
k-ap marié-a » (Jn 3, 29) ki indiké-l kòm « Mouton Bondié-a, ki ouété  
péché tè-a » (Jn 1, 29). Antan-l vini anvan Jézu « nan espri ak pouvoua  
Éli » (Lc 1, 17), li rann li témougnaj ak prédkasian-l, ak batèm  
konvèzion-an épi finalman ak mati li sibi-a (cf. Mc 6, 17-29).

524 Chak ané, antan l-ap sélébré *litiji Avan-an* (Avènman-an), l'Égliz-la  
aktualisé fason sa-a pou tann Mési-a (li fè-l vîn prezan antan-l réviv li) :

1171 antan yo kominié nan préparasion ki té long pou prémié Avènman Sovè-a, fidèl-yo rénouvlé dézi byin cho pou dézièm Avènman-an (cf. Ap 22, 17). Palintèmèdiè sélébrasion nésans ak mati Prékursè-a, l'Égliz-la fè youn ak sa-l té anvi-a : « Li minm sé pou-l grandi, mouin minm minm sé pou-m vîn pi piti » (Jn 3, 30).

### Mistè Nésans Granmèt-la (Noèl)

525 Jézu té fêt nan yon koté yo séré pay pou bét manjé, nan yon fanmi ki té pòv (cf. Lc 2, 6-7) ; sé gadyin mouton tou simp ki té prémié témouin événman-an. Nan povrété sa-a gloua sièl-la manifésté (cf. Lc 2, 8-20).  
 437 2443 L'Égliz-la pa sispann chanté gloua nuit sa-a :

« Jodi-a Vièj-la anfanté Sa-a ki anlè tout sa-k égzisté,  
 épi tè-a ofri yon gròt bay sa yo pa kapab rivé koté-l la.  
 Anj-yo ak gadyin mouton-yo ba li gloua,  
 maj-yo ak étoual-la fè rout ansanm :  
 paské li pran nésans pou nou  
 Ti Bébé, Bondié dépi anvan tout tan-an ! »  
 (Kontakion de Romanos le Mélode)

526 « Vîn tounin tankou ti moun piti-yo » parapò a Bondié sé kondision pou antré nan Rouayòm-nan (cf. Mt 18, 3-4) ; pousa sé pou bésé tèt-ou (cf. Mt 23, 12), vîn toupiti ; plis toujou, li nésèsè pou « fêt ankò » (Jn 3, 7), « fêt sot nan Bondié » (Jn 1, 13) pou « vîn tounin pitit Bondié » (Jn 1, 12). Mistè Noèl-la (Nésans Granmèt-la) akonpli nan nou lè « Kris-la fòmé nan nou » (Ga 4, 19). Noèl sé mistè « mèvèyé échanj-la » :

460 « Ala li ékstraòdinè sa nou troké-a ! Kréatè ras moun-nan antan li pran yon kò animé, li té aksépté pran nésans nan Vièj-la ; épi antan sé san sémans li soti kòm moun, li té fè nou kado divinité-l la » (LH, antienne de l'octave de Noël).

### Mistè anfans Jézu

527 580 1214 *Sikonsizion* Jézu-a, uit jou apré Nésans li-a (cf. Lc 2, 21), sé sign li antré fè pati désandans Abraam-nan, nan pèp Alians-la, li soumèt anba Laloua-a (cf. Ga 4, 4), li déstiné pou kult Israèl-la, l-ap patisipé ladan-l pandan tout lavi-l. Sign sa-a anonsé davans « sikonsizion Kris-la » ki Batèm-nan (cf. Col 2, 11-13).

528 439 Épifani-an sé maniféstasion Jézu kòm Mési Israèl-la, Pitit Bondié épi Sovè tè-a. Ansanm avèk batèm Jézu nan Joudin-an épi nòs Kana-a (cf. LH, antienne du Magnificat des secondes vêpres de l'Épiphanie), l-ap sélébré adorasion Jézu-a, sa « maj-yo » té fè-a, yo-minm ki té soti olévan (Mt 2, 1). Nan « maj » sa-yo ki représenté rélijion payin-yo toutalantou yo, Évanjil-la ouè prémis nasion-yo ki résévoua Bòn Nouvèl sové yo sové-a palintèmèdiè Inkarnasion-an. Rivé maj-yo rivé Jérusalèm-nan pou adoré roua Juif-yo (Mt 2, 2) montré yo t-ap chèché nan Israèl, anba limiè mésianik étoual David-la (cf. Nb 24, 17 ; Ap 22, 16), sa-a ki t-apral roua

711-716,  
122

nasion-yo (cf. Nb 24, 17-19). Rivé yo rivé-a vlé di payin-yo jouinn Jézu épi yo pap kapab adoré-l kòm Ptit Bondié épi Sovè tè-a si yo pa viré nan diréksion Juif-yo (cf. Jn 4, 22) pou yo résévoua Promès mésianik-la nan min yo jan-l yé nan Ansyin Téstaman-an (cf. Mt 2, 4-6). Épifani-an montré tout nasion-yo antré nan fanmi Patriarch-yo (S. Léon le Grand, serm. 33, 3 : PL 54, 242) épi vîn gin « *dignité ki konfòm ak Israël-la* » (MR, Vigile Pascale 26 : prière après la troisième lecture).

529      *Prézantasion Jézu nan Tanp-la* (cf. Lc 2, 22-39) montré-l kòm Prémié  
583      Ptit ki pou Granmèt-la kòm posésion-l (cf. Ex 13, 12-13). Avèk Siméon  
439      épi Àn, sé tout sa Israël t-ap tann-nan ki vîn *rankontré* Sovè-l (sé konsa  
614      tradision bizantin-an rélé événman sa-a). Yo rékonèt Jézu kòm Mési-a yo  
t-ap tann dépi tèlman lontan, « limiè pou révélation nasion-yo » épi  
« gloua Israël », min tou « sign kontradiksion ». Soufrans épé-a yo prédi  
Mari-a, anonsé lòt ofrann-nan, koua-a, k-ap apouin nèt épi san parèy-la, k-  
ap bay salu-a Bondié « té paré dévan fas tout pèp-yo ».

530      *Chapé al nan Éjip-la* épi masak inosan-yo (cf. Mt 2, 13-18) montré  
574      opozision fènoua-yo kont limiè-a : « Li vîn lakay li, moun lakay li pa-t  
réssévoua-l » (Jn 1, 11). Tout lavi Kris-la ap maké ak pèsékision. Moun ki  
pou li-yo, yo patisipé ladan-l avèk li (cf. Jn 15, 20). Tounin sot Éjip-la (cf.  
Mt 2, 15) raplé Égzòd-la (cf. Os 11, 1) épi prezanté Jézu kòm libératè  
définitif-la.

### Mistè lavi kaché Jézu-a

531      Pandan pi gran pati lavi-l, Jézu patisipé nan kondision lavi majorité  
2427      moun-yo té ginyin : lavi chak jou-a san aparans grandè, lavi ak travay  
min-yo, lavi rélijié yon Juif ki soumèt anba Laloua Bondié-a (cf. Ga 4, 4),  
lavi nan kominoté-a. Pandan tout périòd sa-a, yo révélé nou Jézu té  
soumèt vizavi paran-l yo épi li « t-ap fè progrè nan sajès ak nan laj ak nan  
gras dévan Bondié ak lézòm » (Lc 2, 51-52).

532      Obéyisans Jézu aléga Manman-l ak papa légal li-a té akonpli katriyèm  
2214-2220      kòmandman-an alapèfeksion. Sa-a sé pòtré tanporèl obéyisans li ginyin  
612      kòm Ptit aléga Papa-l ki nan sièl-la. Jan Jézu soumèt chak jou bay Jozèf  
ak Mari-a ap anonsé épi antisipé priyè nan jadin-an : « Sèlman sé pa  
volonté pa-m... » (Lc 22, 42). Obéyisans Kris-la nan sikonstans kaché  
lavi chak jou-a té déjà inogiré travay rémété sou pié sa dézobéyisans  
Adan-an té détrui-a (cf. Rm 5, 19).

533      Lavi kaché Nazarèt-la pèmèt tout moun gin kominion ak Jézu nan  
chémin lavi ki pi òdinè-a chak jou :

2717      « Kay Nazarèt-la sé yon ékòl koté nou kòmansé konprann lavi Kris-la :  
sètadi ékòl Évanjil-la. [...] Sé silans réyèlman yo aprann la toudabò. Nou t-a  
souété pi gran konsidération pou silans-la réviv nan nou, sètadi bèle  
dispozision espri sa-a ki nésésè-a [...]. An plis isit la-a nou kapté yon mòd

- 2204      *lavi nan fanmi.* Sé pou Nazarèt aprann nou kisa fanmi-an yé, ki kalité kominion nan rinmin-an, bëlté-l ki sérié épi sinp, karaktè sakré li ginyin épi yo pa doué déréspékté [...]. Anfin, isit la-a nou konnin *aprantisaj travay-la*. O ! Nazarèt sa-a, kay Pitit chapantié-a, isit la-a nou t-a souété konprann épi sélébré laloua travay moun-nan ginyin-an ki rèd anpil sé vré min ki sèvi rédanmsion [...] ; isit la-a tou nou vlé salué tout travayè sou tè-a épi montré yo gran modèl yo-a, frè yo-a ki Bondié » (Paul VI, discours 5 janvier 1964 à Nazareth ).
- 2427
- 534      *Jouinn yo tounin jouinn Jézu nan Tanp-la* (cf. Lc 2, 41-52) sé sèl événman ki kasé silans Évanjil-yo osijè ané kaché Jézu-yo. La-a Jézu pèmèt déviné konsékrasion total li-a pou mision-l nan ki soti nan mistè sal yé kòm Pitit Bondié-a : « Èské nou pa-t konnin sé nan afè Papa-m mouin gin pou-m rété ». Mari ak Jozèf « pa-t konprann » paròl sa-a, min yo résévoua-l nan lafoua, épi Mari « t-ap konsèvé tout paròl sa yo nan kè-l », pandan tout déroulman ané-yo koté Jézu té rété kaché nan silans lavi òdinè-a.
- 583, 2599
- 964

### III. Mistè lavi piblik Jézu-a

#### Batèm Jézu

- 535      Kòmansman (cf. Lc 3, 23) lavi piblik Jézu-a sé batèm li-an Jan té fè nan Joudin-an (cf. Ac 1, 22). Jan t-ap « préché yon batèm pénitans, pou padon péché-yo » (Lc 3, 3). Yon foul péchè, piblikin épi sòlda (cf. Lc 3, 10-14), Farizyin épi Saduséyin (cf. Mt 3, 7) épi libètín (prostitué) (cf. Mt 21, 32) vini pou fè-l batizé yo. « Lè sa-a Jézu vini ». Jan-Batis ézité, Jézu insisté : li résévoua batèm-nan. Lè sa-a Éspri-Sin-an, sou fòm yon kolonb, vîn anlè Jézu, épi yon voua proklamé sot nan sièl-la : « Sa-a sé Pitit mouin-an mouin rinmin-an, nan li mouin jouinn plézi-m » (Mt 3, 13-17). Sé maniféstasian Jézu (« épifani ») kòm Mési Israèl-la épi Pitit Bondié.
- 719-720
- 701
- 438
- 536      Batèm Jézu-a, sou bò pa-l, sé aksépté épi kòmansé mision-l nan kòm Sèvitè k-ap soufri. Li kité yo konté-l pamí péchè-yo (cf. Is 53, 12) ; déjà li sé « Mouton Bondié-a, ki ouété péchè tè-a » (Jn 1, 29) ; déjà, li antisipé « batèm » lanmò-l la nan san-an (cf. Mc 10, 38 ; Lc 12, 50). Li déjà vini pou-l « réalisé tout jistis » (Mt 3, 15), sètadi, pou-l soumèt totalman bay volonté Papa-a : paramou li aksépté batèm lanmò sa-a pou padon péché nou-yo (cf. Mt 26, 39). Akséptasian sa-a sé répons li bay voua Papa-a ki mété tout bon plézi-l nan Pitit li-a (cf. Lc 3, 22 ; Is 42, 1). Éspri-a, sa Jézu posédé anplin-an dépi li fòmé nan vant-la, vini pou-l « rété » sou li (Jn 1, 32-33 ; cf. Is 11, 2). Sé Jézu ki pra-l sous Éspri-a pou tout moun. Nan batèm li-an, « sièl-yo louvri pou li » (Mt 3, 16), sa péché Adan-an té fèmin-an ; épi dlo-yo vîn sin antan Jézu ak Éspri-a désann, kòm prémié mouvman nouvo kréasian-an.
- 606
- 1224
- 444
- 727
- 739

537                    Palintèmèdiè Batèm-nan, krétyin-an vîn sanblé sakramantèlman ak  
 1262                Jézu, li-minm ki antisipé nan batèm li-an Lanmò-l ak Réziréksion-l ;  
 krétyin-an doué antré nan mistè soumision rabèsman ak pénitans sa-a,  
 désann nan dlo-a ak Jézu pou-l monté avèk li, épitou fêt yon lôt foua nan  
 dlo ak Éspri pou-l tounin pitit Papa-a rinmin nan Ptit li-a épi « maché nan  
 novo lavi-a » (Rm 6, 4) :

628                    « Poutèt sa, an nou antéré ansanm ak Kris-la palintèmèdiè Batèm-nan, pou  
 nou résisé ansanm avèk li ; an nou désann ansanm avèk li, pou, an minm  
 tan, yo lévé nou anlè ; an nou monté ansanm avèk li, pou, an minm tan tou,  
 yo ba nou gloua-a » (S. Grégoire de Naz., or. 40, 9 : PG 36, 369B).

Sé konsa sa fêt « pou apati sa-k té réalisé nan Kris-la nou vîn konnin apré  
 bingn dlo-a, Sint-Éspri-a volé vîn nan nou sot nan pòt sièl-yo, li vidé onksion  
 gloua sièl-la nan nou, voua Papa-a fè nou tounin pitit adoptif » (S. Hilaire,  
 Mat. 2 : PL 9, 927).

### Tantasion Jézu-yo

538                    Évanjil-yo palé osijè yon tan Jézu té pou kont-li nan dézè-a apré Jan  
 fin batizé-l la : « Éspri-a pousé-l nan dézè-a » épi li rété la karant jou san-l  
 pa manjé ; li viv ak bët sovaj-yo épi anj-yo t-ap sèvi-l (cf. Mc 1, 12-13).  
 394                   Alafin tan sa-a, Satan tanté-l toua foua antan-l chèché késioné dispozision  
 518                   li gin kòm pitit aléga Bondié-a. Jézu répousé atak sa-yo ki reprann nan tèt  
 tantasion Adan nan paradi-a épi Israël nan dézè-a, épi Djab-la pati sot  
 koté-l « jous pou tan-an » (Lc 4, 13).

539                    Évanjélis-yo indiké sans kaché événman salu sa-a. Jézu sé novo  
 397                   Adan-an, ki rété fidèl koté prémié-a té sikorbé nan tantasion-an. Jézu  
 akonpli vokasion Israël-la : kontrèman a sa-yo ki té provoké Bondié  
 lontan pandan karantan nan dézè-a (cf. Ps 95, 10), Kris-la révélé okontrè  
 kòm Sèvitè ki obéyi volonté Bondié-a anplin. Nan sa Jézu ranpòté viktoua  
 sou Djab-la : li « maré moun ki gin fòs-la » épi li raché nan min-l yon lôt  
 foua sa-l té pran-an (Mc 3, 27). Viktoua Jézu sou Tantatè-a nan dézè-a ap  
 609                   antisipé viktoua nan soufrans-la, obéyisans li-a nan pi ro dégré poutèt  
 rinmin li ginyin kòm pitit aléga Papa-a.

540                    Tantasion Jézu-a manifésté nan ki fason Ptit Bondié-a sé Mési-a,  
 2119                kontrèman a sa Satan ap propozé-l la épi moun-yo (cf. Mt 16, 21-23)  
 519, 2849           souété ba li-a. Sé poutèt sa Kris-la ranpòté viktoua sou Tantatè-a *pou  
 nou* : « Sèké nou pa gin yon prêt an chèf ki pa kapab soufri féblès-nou  
 avèk nou, yo éséyé-l nan tout bagay minm jan avèk nou, sof péché-a »  
 (He 4, 15). Chak ané pandan karant jou *Gran Karèm-nan*, l'Égliz-la fè  
 youn ak mistè Jézu nan dézè-a.

### « Péyi-roua Bondié-a proché »

541

« Apré yo fîn rînmèt Jan, Jézu rivé nan Galilé antan l-ap préché bòn nouvèl Bondié-a, antan l-ap di : “Tan-an rivé bout, péyi-roua Bondié-a proché : fè pénitans épi kouè nan Bòn Nouvèl-la” » (Mc 1, 15). « Sé konsa Kris-la, pou-l akonpli volonté Papa-a, té inogiré Rouayòm sièl-yo sou tè-a » (LG 3). Min, volonté Papa-a sé « lévé moun-yo anlè pou yo patisipé nan lavi Bondié-a » (LG 2). Li fè sa antan-l rasanblé moun-yo alantou Pitit li-a Jézu-Kri. Rasanbléman sa-a sé l’Égliz-la ki « sémans, jèm épi kòmansman » Rouayòm Bondié-a sou tè-a » (LG 5).

2816

763

669, 768,  
865

542

2233

Kris-la ki nan kè rasanbléman moun-yo nan « fanmi Bondié » sa-a. Li konvoké yo alantou-l palintèmèdiè paròl li-a, palintèmèdiè sign li-yo ki manifésté Rouayòm Bondié-a, palintèmèdiè mision disip li-yo. Li réalisé Avènman Règn li-a prinsipalman palintèmèdiè gran mistè Pak li-a : palintèmèdiè Lanmò-l sou koua-a épi Réziréksion-l nan : « Mouin minm minm, lè y-ap lévé-m sot sou tè-a, m-ap rédi tout bagay vîn jouinn mouin » (Jn 12, 32). Yo rélé tout moun pou yo vîn fè youn konsa ak Kris-la (cf. LG 3).

### Anons Rouayòm Bondié-a

543

764

Sé tout moun yo rélé vîn antré nan Rouayòm-nan. Ringn mésianik sa-a, yo anonsé-l toudabò bay pitit Israël-yo (cf. Mt 10, 5-7), li fêt pou nan tout nasion moun-yo résévoua-l (cf. Mt 8, 11 ; 28, 19). Pou rivé antré ladan-l, li nésésè pou résévoua paròl Jézu-a :

« Yo konparé paròl Granmèt-la réyèlman ak yon sémans yo jété nan yon jadin : moun ki tandé-l ak lafoua épi ki antré nan ti bann mouton Kris-la, yo résévoua rouayòm-nan ; apré, ak pròp fòs-li, sémans-la jèmin épi grandi jous tan rékòlt-la ap rivé (LG 5).

544

709

2443, 2546

Péyi-roua-a sé pou *pòv-yo ak sa-k piti-yo*, sètadi, pou sa-yo ki résévoua-l ak yon kè rabésé. Yo voyé Jézu « poté bòn nouvèl-la bay pòv-yo » (Lc 4, 18 ; cf. 7, 22). Li dékläré ala kontantman pou yo « paské sé pou yo péyi-roua sièl-yo yé » (Mt 5, 3) ; sé « bay ti moun piti-yo » Papa-a té aksépté révélé sa-k rété kaché pou savan-yo ak sa-k gin ladrès-yo (cf. Mt 11, 25). Jézu patisipé nan lavi pòv-yo dépi krèch-la jous sou koua-a ; li fè ékspérians grangou (cf. Mc 2, 23-26 ; Mt 21, 18), souaf (cf. Jn 4, 6-7 ; 19, 28) manqué mouayin (cf. Lc 9, 58). Pi plis minm : li idantifié pròp tèt-li ak tout kalité pòv-yo épi li fè rinmin aktif aléga yo tounin yon kondision pou antré nan Rouayòm li-an (cf. Mt 25, 31-46).

545

1443, 388,

1846

1439

Jézu invité *péchè-yo* sou tab Péyi-Roua-a : « Mouin pa vîn rélé moun ki kòrèk-yo, min péchè-yo » (Mc 2, 17 ; cf. 1 Tm 1, 15). Li invité yo konvèti sinon li pap posib pou yo antré nan Rouayòm-la, min li montré yo, ak paròl ak aksion, mizérikòd san limit Papa-l la pou yo (cf. Lc 15, 11-32) épi grandè « kè kontan [ki gin] nan sièl-la pou yon péchè ki fè

pénitans » (Lc 15, 7). L-ap démontré rinmin sa-a nan fason ki pi ro-a ak sakrifis pròp lavi li-a « pou padon péché-yo » (Mt 26, 28).

546            Jézu rélé pou yo antré nan Rouayòm-nan ak *parabòl-yo* ki yon lign  
       2613        karaktéristik ansègnman-l nan (cf. Mc 4, 33-34). Palintèmèdiè yo, li invitè  
                 nan résépsion fèt Rouayòm-nan (cf. Mt 22, 1-14), min li égzijé tou yon  
                 choua radikal : pou rivé gin Rouayòm-nan li nésèsè pou bay tout bagay  
                 (cf. Mt 13, 44-45) ; paròl-yo pa asé, sé aksion yo mandé (cf. Mt 21, 28-  
                 32). Parabòl-yo sé tankou yo glas pou moun-nan : èské li résévoua paròl-  
                 la sèlman tankou yon tè di oubyin tankou yon bon tè (cf. Mt 13, 3-9) ?  
                 542        Kisa-l fè ak talan li résévoua-yo (cf. Mt 25, 14-30) ? Jézu ak prezans  
                 Rouayòm-nan sou tè sa-a sé sékrè ki nan kè parabòl-yo. Li nésèsè pou yo  
                 antré nan Péyi-Roua-a, sètadi, vîn tounin disip Kris-la pou rivé konnin  
                 « mistè péyi-roua sièl-yo » (Mt 13, 11). Pou moun ki rété « déyò »-yo  
                 (Mc 4, 11), tout bagay rété énigmatik (tankou dévinèt yo pa konprann)  
                 (cf. Mt 13, 10-15).

### Sign Rouayòm Bondié-a

547            Paròl Jézu di-yo akonpagné avèk anpil « mèvèy, prodij ak sign » (Ac  
       670        2, 22) ki montré Rouayòm-nan preznan li. Yo témoagné Jézu sé Mési-  
       439        a yo té anonsé davans-la (cf. Lc 7, 18-23).

548            Sign Jézu fè-yo témoagné sé Papa-a ki voyé-l (cf. Jn 5, 36 ; 10, 25).  
       156        Yo invitè kouè nan li (cf. Jn 10, 38). Moun ki adrésé-l ak lafoua, li ba yo  
       2616        sa yo mandé-a (cf. Mc 5, 25-34 ; 10, 52 ; etc.). Lè sa-a mirak-yo fòtfié  
                 lafoua nan li-minm k-ap fè travay Papa-l la : yo témoagné li sé Pitit  
                 574        Bondié-a (cf. Jn 10, 31-38). Min yo té kapab okazion « skandal » tou (Mt  
                 11, 6). Intansion sign-yo sé pa pou satisfè kiriozité oubyin anvi maji.  
                 447        Malgré mirak li-yo ki tèlman évidan, gin moun k-ap réjté Jézu (cf. Jn 11,  
                 47-48) ; yo minm akizé-l pou sa, kòmsi sé pa pouvoua démon-yo l-ap aji  
                 (cf. Mc 3, 22).

549            Antan-l libéré kèk moun anba sa-k mal sou tè-a : grangou (cf. Jn 6, 5-  
       1503        15), injistis (cf. Lc 19, 8), maladi ak lammò (cf. Mt 11, 5), Jézu té réalisé  
                 sign mésianik. Min li pa-t vini pou-l ouété tout mal isit sou tè-a (cf. Lc 12,  
                 13, 14 ; Jn 18, 36), min pou-l libéré moun-nan anba ésklavaj ki pi térib-la,  
                 440        péché-a (cf. Jn 8, 34-36), k-ap antravé yo nan vokasion yo kòm pitit  
                 Bondié épi ki kòz tout sa k-ap fè moun-yo ésklav.

550            Avènman Rouayòm Bondié-a sé déstriksion rouayòm Satan-an (cf. Mt  
       394        12, 26) : « Min, si sé nan Éspri Bondié mouin chasé démon-yo, donk  
       1673        péyi-roua Bondié-a rivé sou nou » (Mt 12, 28). *Égzòsim* Jézu fè-yo libéré  
                 moun-yo sot anba dominasian démon-yo (cf. Lc 8, 26-39). Yo antisipé  
                 gran viktoua Jézu sou « chèf tè sa-a » (Jn 12, 31). Sé pa pouvoua koua  
                 Kris-la Rouayòm Bondié-a établi définitivman : « Bondié té kòmandé  
                 kòm roua antan-l sou boua-a » (Hymne "Vexilla Regis").

### « Klé Péyi-Roua sièl-yo »

551 Dépi kòmansman lavi publik li-a, Jézu té chouazi douz mésié pou yo té  
 858 avèk li épi patisipé nan mision-l nan (cf. Mc 3, 13-19) ; Li ba yo pòsion  
 765 nan otorité-l la « épi li voyé yo préché péyi-roua Bondié-a, épi géri malad  
 yo » (Lc 9, 2). Yo rété asosié pou tout tan nan Rouayòm Kris-la, paské sé  
 palintèmèdiè yo l-ap dirijé l'Égliz-la :

« Mouin-minm mouin préparé péyi-roua-a pou nou, tankou Papa-m té  
 préparé-l pou mouin, pou nou manjé, pou nou bouè sou tab mouin nan péyi-  
 roua-m nan, épi pou nou chita sou trôn-yo, antan n-ap jijé douz fanmi Israèl-  
 yo » (Lc 22, 29-30).

552 Nan group (kolèj) Douz-yo, Simon Piè gin prémié plas (cf. Mc 3, 16 ;  
 880, 153,  
 442 9, 2 ; Lc 24, 34 ; 1 Co 15, 5). Jézu konfié-l yon mision li pa bay lòt-yo. Pa  
 pouvoua yon révélation ki soti nan Papa-a, Piè té dékläré : « Ou sé Kris,  
 Pitit Bondié vivan-an ». Lè sa-a Granmèt nou-an té dékläré-l : « Ou sé  
 Piè, sou ròch sa-a m-ap bati Égliz mouin-an, pòt lanfè-yo pap ranpòté  
 viktoua kont li » (Mt 16, 18). Kris-la, « Ròch vivan-an » (1 P 2, 4), bay  
 424 l'Égliz li-a li bati sou Piè-a asirans viktoua sou puisans lanmò-yo. Poutèt  
 lafoua-a li té dékläré-a, Piè rété kòm blòk-ròch l'Égliz-la ki pap souké. Li  
 té résévoua mision pou-l kinbé lafoua sa-a pou-l pa janm fèbli, épi pou-l  
 konfirmé frè-l yo ladan-l (cf. Lc 22, 32).

553 Jézu konfié bay Piè yon otorité spésifik : « M-ap ba-ou klé péyi-roua  
 381 sièl-yo ; tou sa ou-ap maré sou tè-a, l-ap maré nan sièl-yo, tou sa ou-ap  
 lagé sou tè-a, l-ap lagé nan sièl-yo tou » (Mt 16, 19). « Pouvoua klé-yo »  
 1445 désigné otorité pou gouvèné kay Bondié-a, ki l'Égliz-la. Jézu, « Bon  
 gadyin-an » (Jn 10, 11) té konfirmé fonksion sa-a apré Réziréksion-l nan :  
 641, 881 « Okipé mouton-m yo » (Jn 21, 15-17). Pouvoua pou « maré épi lagé »  
 vlé di otorité pou padonin péché-yo, pou bay jijman doktrinal épi pran  
 désision disiplin nan l'Égliz-la. Jézu konfié otorité sa-a bay l'Égliz-la  
 palintèmèdiè ministè Apot-yo (cf. Mt 18, 18) épi patikilièman bay Piè, sé  
 li minm sèl li konfié klé Rouayòm-nan eksplisitman.

### Yon avangou Rouayòm-nan : Transfigiration-an

554 Dépi jou Piè té dékläré Jézu sé Kris-la, Pitit Bondié vivan-an, Mèt-la té  
 « kòmansé montré disip li-yo li té gin pou-l al Jérusalèm, pou-l soufri  
 anpil nan min ansyin-yo ak skrib-yo, ak chèf prèt-yo, pou yo touyé-l épi  
 pou-l résisité sou touazièm jou-a » (Mt 16, 21) : Piè réfizé anons sa-a (cf.  
 Mt 16, 22-23), lòt-yo pa pi konprann pasé sa (cf. Mt 17, 23 ; Lc 9, 45). Sé  
 nan kontèks sa-a yo mété événman sékrè Transfigiration Jézu-a (cf. Mt  
 17, 1-8 par. ; 2 P 1, 16-18), sou yon mòn ki ro, dévan toua témouin li té  
 697, 2600 chouazi : Piè, Jak épi Jan. Figi ak rad Jézu vîn kléré kon limiè. Moyiz ak  
 444 Éli parèt antan y-ap palé ak li osijè « dépa-l la, sa-l t-ap réalisé Jérusalèm-  
 nan » (Lc 9, 31). Yon nuaj kouvari yo épi yon voua sot nan sièl-la di : « Sa-  
 a sé Pitit mouin-an, sa-m rinmin-an : kouté-l » (Lc 9, 35).

555 Pandan yon moman Jézu fè ouè gloua li ginyin kòm Bondié-a, konsa li konfirmé sa Piè té dékläré-a. Li montré tou pou-l « antré nan gloua-l la » (Lc 24, 26), li doué travèsé palintèmèdiè koua-a nan Jérusalèm. Moyiz ak Éli té ouè gloua Bondié sou mòn-nan ; Laloua-a ak Profèt-yo té anonsé soufrans Mési-a davans (cf. Lc 24, 27). Soufrans Jézu-a, Papa-a té vlé-l vrèman : Pitit-la aji tankou Sèvitè Bondié-a (cf. Is 42, 1). Nuaj-la indiké prezans Éspri-Sin-an : « Tout Trinité-a parèt, Papa-a nan voua-a, Pitit-la nan moun-nan, Éspri-Sin-an nan nuaj kléré-a » (S. Thomas d'A., s. th. 3, 45, 4, ad 2) :

2576, 2583  
257 « Ou transfigiré sou mòn-nan, épi nan mézi yo té kapab, disip-yo té kontanplé gloua-ou la, Kris Bondié, pou lè y-a ouè-ou klouré sou koua-a, yo konprann soufrans ou-a sé ou ki vlé-l épi pou yo préché bay tè-a sé ou ki réyon klèté Papa-a tout bon » (Liturgie byzantine, Kontakion de la fête de la Transfiguration).

556 Nan papòt lavi piblik-la : batèm-nan ; nan papòt Pak-la : Transfigiration-an. Palintèmèdiè batèm Jézu-a « mistè prémié nouvo nésans-la té dékläré » : Batèm-nou ; Transfigiration-an « sé sakréman dézièm nouvo nésans-la » : pròp reziréksion nou-an (S. Thomas d'A., s. th. 3, 45, 4, ad 2). Déjà kounié-a nou patisipé nan reziréksion Granmèt-la palintèmèdiè Éspri-Sin-an ki aji nan sakréman Kò Kris-la. Transfigiration-an ba nou yon avangou Avènman Kris-la nan gloua-a « li minm k-ap réfè kò féblès nou-an pou-l fè-l sanblé ak kò gloua li-a » (Ph 3, 21). Min li raplé nou tou « nou gin pou nou pasé anpil tray pou nou antré nan péyi-roua Bondié-a » (Ac 14, 22) :

1003  
1003 « Sa-a, Piè po-t ko konprann li, lè-l té anvi viv ak Kris-la sou mòn-nan (cf. Lc 9, 33). Li té rezèvè sa pou ou Piè, apré lanmò-a. Kounié-a minm li di : Désann travay sou tè-a, sèvi sou tè-a, pou yo méprizé-ou épi klouré-ou sou koua sou tè-a. Lavi-a désann, pou yo touyé-l ; pin-an désann, pou-l grangou ; chémin-an désann, pou-l bouké sou rout-la ; sous-la désann, pou-l souaf : épi ou-minm ou réfizé soufri nan travay ? » (S. Augustin, serm. 78, 6 : PL 38, 492-493).

### Jézu monté Jérusalèm

557 « Lè jou yo té rivé pou yo pran Jézu, li-minm li té maré mîn-li pou-l té alé Jérusalèm » (Lc 9, 51 ; cf. Jn 13, 1). Ak désision sa-a li té vlé di li té paré pou-l monté Jérusalèm pou-l al mouri la. Toua foua li té anonsé soufrans li-a ak Réziréksion-l nan (cf. Mc 8, 31-33 ; 9, 31-32 ; 10, 32-34). Antan-l pran diréksion Jérusalèm, li di : « Sé pa nòmal pou yon profèt péri andéyò Jérusalèm » (Lc 13, 33).

558 Jézu raplé lanmò Profèt-yo yo té touyé Jérusalèm (cf. Mt 23, 37a). Poutan li insisté pou-l rélè Jérusalèm vîn rasanblé alantou-l : « Konbyin foua mouin té vlé rasanblé pitit ou-yo, minm jan yon poul rasanblé ti poulèt li-yo anba zèl. Épi nou pa-t vlé ! » (Mt 23, 37b). Lè-l té ouè

Jéruzalèm, li kriyé sou li épi yon lòt foua li eksprimé sa kè-l anvi : « Si ou té konnin ou minm tou, épi jodi-a minm, sa k-ap ba-ou lapè ! Min koulié-a li kaché pou je-ou yo » (Lc 19, 41-42).

### Antré mésianik Jézu-a nan Jéruzalèm

559 Kijan Jéruzalèm pral résévoua Mési li-a ? Jézu ki té toujou ralé kò-l anba éfò popilè ki t-ap fèt pou fè-l roua (cf. Jn 6, 15), li té chouazi tan-an épi li té préparé détay antré mésianik li-a nan vil « David papa-l la » (Lc 1, 32 ; cf. Mt 21, 1-11). Yo aklamé-l kòm pitit David, kòm sa-a k-ap poté salu-a (*Hosanna vlé* di « sové nou non ! », « ba nou salu-a ! »). Koulié-a minm « Roua gloua-a » (Ps 24, 7-10) « antan-l chita sou yon bourik » (Za 9, 9) li antré nan vil li-a : li pa soumèt Ptit Fi Siyon-an, pòtré l'Égliz li-a, antan-l kòmandé ak riz oubiyin violans, min ak umilité ki rann témoagnaj bay vérité-a (cf. Jn 18, 37). Sé poutèt sa, jou sa-a, moun ki té nan Rouayòm li-a sé té ti moun-yo (cf. Mt 21, 15-16 ; Ps 8, 3) épi « pòv Bondié-yo » ki t-ap aklamé-l, minm jan anj-yo té anonsé-l bay gadyin mouton-yo (cf. Lc 19, 38 ; 2, 14). Aklamasion yo-a : « Konpliman pou sa-a k-ap vini o non Granmèt-la » (Ps 118, 26), l'Égliz-la réprann li nan « Sanctus » litiji ékaristi-a pou kòmansé mémorial Pak Granmèt-la.

333  
1352

560 Antré Jézu antré nan Jéruzalèm-nan manifésté Avènman Rouayòmnan, sa Roua-Mési-a pral akonpli palintèmèdiè Pak Lanmò ak Réziréksion-l nan. Litiji l'Égliz-la, antan-l sélébré sa nan Dimanch ramo-yo, ouvri gran Sémèn Sint-la.

550, 2816  
1169

### RÉZIMÉ

561 *Antan yo konsidéré sa byin « tout lavi Kris-la parèt kòm yon ansègnman san rété : sètadi silans li-yo, sign-yo, priyè-yo, rinmin pou moun-yo, atansion spézial pou sa-k piti-yo épi pòv-yo, Sakrifis koua-a pou rédamssion moun-yo li aksépté anplin, anfin Réziréksion-an minm, sé réalazasion paròl li-a épi akonplisman Révélasion-l nan » (CT 9).*

562

*Disip Kris-la doué konfòmé yo avèk li joustan li-minm li vîn fòmé nan yo (cf. Ga 4, 19). « Sé poutèt sa li pran nou nan mistè lavi-l yo, nou pran minm fòm ak li, nou mouri ak li épi nou résisité ak li, joustan n-a kòmandé kòm roua ansanm avèk li » (LG 7).*

563

*Kit sé gadyin mouton kit sé maj, moun-nan pa kapab rivé jouinn Bondié sou tè sa-a, si sé pa antan li ajénou dévan krèch Bétléèm-nan épi li adoré-l ki kaché nan féblès yon ti bébé.*

564

*Palintèmèdiè soumision-l bay Mari ak Jozèf építou palintèmèdiè longè ané li fè ap travay sinpléman nan Nazarèt, Jézu ba nou égzanp viv sin nan lavi fanmi-an chak jou épi nan travay.*

- 565      *Dépi kòmansman lavi piblik li-a apati Batèm li-an, Jézu sé « Sèvitè »-a ki konsakré totalman pou travay Rédanmsion-an ki ankonpli nan « batèm » soufrans li-a.*
- 566      *Tantasion nan dézè-a montré Jézu kòm Mési nan rabésman ki trionfé sou Satan palintèmèdiè rété li rété kolé totalman sou projè sové Papal té vlé sové nou-an.*
- 567      *Kris-la inogiré Rouayòm sièl-yo sou tè-a. « Rouayòm sa-a minm kléré pou moun-yo nan paròl, travay épi prezans Kris-la » (LG 5). L'Égliz-la sé sémans (jèm) épi kòmansman Rouayòm sa-a. Yo rinmèt klé-l yo bay Piè.*
- 568      *Transfigiration Kris-la gin kòm finalité pou-l fòtifié lafoua Apot-yo parapò a soufrans-la : monté sou yon « mòn ki byin ro »-a ap préparé monté sou Kalvè-a. Kris-la, Tèt l'Égliz-la manifésté sa ki anndan kò li-a épi k-ap réflété nan sakréman-yo : « espérans gloua-a » (Col 1, 27) (cf. S. Léon le Grand, serm. 51, 3 : PL 54, 310C).*
- 569      *Jézu té monté volontèman Jéruzalèm, minm si-l té konnin poutèt kontradiksion péchè-yo li t-apral mouri la ak yon lanmò violan » (cf. He 12, 3).*
- 570      *Antré Jézu nan Jéruzalèm-nan manifésté Avènman Rouayòm-nan, sa Roua-Mési-a, timoun-yo ak pòv nan kè-yo té résévoua nan vil li-a, pral akonpli-a palintèmèdiè Pak Lanmò ak Réziréksion-l nan.*

[◀Atik  
anvan-an](#)

[Gid jénéral-la](#)

[Atik►  
apré-a](#)